

Deklarasyon Sitwayèn Feminis sou Inisyativ « Pasrèl » la

Kòm sitwayèn feminis, nou trè konsène ak gwo kriz peyi a ap travèse nan divès domèn depi plizyè lane epi ki vin pi grav depi mwa jiyè 2018 la.

Sitiyasyon ki prezante a enkyete nou anpil, sitou lè n ap konstate : Enstitisyon Leta yo anfale ; Gouvènman an pèdi tout lejitimite li ; Palman an pèdi tout kredi, alòske manda li ap bout, pa manke gen larimaj eleksyon ; Administrasyon ak sèvis piblik yo an debandad ; Gang ame ap donnen toupatou nan peyi a ; Epi dwa moun ap plede vyole. Nan nivo ekonomik, pri byen ak sèvis yo sitèlman monte yo vin pa aksesib, enflyasyon an rive preske 19.5%, valè Goud la ap kontinye degrenngole, tout tan gen rate pou yon bann pwodui, epi nan zafè travay aktivite yo kanpe oswa ap make pa sou plas.

Sitiyasyon sila a ba nou anpil tèt chaje, sitou lè nou konsidere tout move konsekans li sou lavi popilasyon yo. Inegalite yo ap agrave epi sa limite posibilite pou fanm yo gen aksè ak resous yo nan domèn lasante, lamanjay, travay ak lajistis. Nou gen anpil enkyetid pou sò fanm yo ak pou sò tout lòt gwoup sosyete a abitye mete sou kote, espesyalman sila ki pi frajil parapòta chòk politik e ak chòk anviwonman an, tankou peyizàn ak peyizan, moun k ap viv nan zòn defavorize yo, timoun, moun andikape.

Nou konprann epi pataje soufrans konpatriyòt nou yo, fanm kou gason, ki otaj anba men gang ame yo epi k ap pran gwo frap akòz twoub politik yo. Nou regrèt tout lanmò pou granmesi yo. Nan yon sèl mwa, sou 30 moun ki pèdi lavi yo, gen 27 ladan yo ki mouri anba bal pandan manifestasyon kont gouvènman an.

Fas ak kriz sa a, ekip sou pouvwa a demontre aklè enkapasite li, epi sitou mepri li genyen pou popilasyon yo.

Nou menm sitwayèn feminis, nou vle pote kontribisyon nou nan tout inisyativ k ap chache pote solisyon ki natif natal ak dirab. Solisyon k ap valab ni pou kriz sosyal ak politik kounye a, ni pou inegalite ki chapante sosyete a nan kesyon sosyoekonomik ak nan rapò gason ak fanm, epi ki pèmèt kenbe sou kote pifò popilasyon yo. Solisyon ki kapab louvri pòt pou rive anrasinen lòt pratik politik ki ap pran an konsiderasyon, tout bon vre, enterè kolektif la epi k ap chache konstwi yon Leta ki chita sou lalwa, ki demokratik, ki rantre tout moun nan wonn epi ki souvren. Solisyon ki pare pou travay pou mete fen ak rèy koripsyon, kliyantelis, kalbenday, enpinite epi ak eksklizyon, espesyalman pou fanm yo. Solisyon k ap garanti dwa ak libète moun. Solisyon kote patispasyon, espesyalman patispasyon fanm yo, ap nan nannan kontra sosyopolitik la.

Inisyativ « Pasrèl » la sanble vle ale nan direksyon sa a, lè li egzije pou responsab yo kite pouvwa a nan lòd, epi pou genyen yon konsètasyon nasyonal sou lavni peyi nou an. Kòm yon branch nan mouvman sosyal yo, nou apiye inisyativ « Pasrèl » la. Men tou, nou vle konte kòm aktris pou patisipe, egal ego, nan preparasyon kad k ap sèvi kòm gid pou chanjman popilasyon yo pa sispann reklame depi 7 fevriye 1986.

LIBÈTE, EGALITE, SOLIDARITE !

25 oktòb 2019

Pou otantifikasyon : Yolette Andrée JEANTY, Kay Fanm

Lis siyatèz yo :

Òganizasyon

1. Kay Fanm
2. SOFA - Solidarite Fanm Ayisyèn
3. AFASDA - Association Fanm Solèy D Ayiti
4. Fanm Deside
5. REFRAKA – Rezo Fanm nan Radyo Kominotè Ayisyen
6. GADÈS – Groupe d’appui au développement du Sud
7. MOUFHED – Mouvement des Femmes Haïtiennes pour l’Éducation et le Développement
8. Fanm Yo La - Collectif féminin haïtien pour la participation politique des femmes
9. Fondation Toya
10. EnfoFanm
11. Flore des Femmes
12. IDEH – Initiative pour un Développement Équitable en Haïti
13. CRESFED – Centre de Recherche et de Formation Économique et Sociale pour le Développement
14. CUREF - Collectif des Universitaires pour la Recherche et l’Émancipation des Femmes

Pèsonalite

1. Adeline Magloire-Chancy
2. Ginette Chérubin
3. Maryse Jean-Jacques
4. Mirlène Joanis
5. Rachèle Magloire (RachMag)
6. Katia Henrys
7. Nathalie Coicou
8. Claudine Saintal
9. Dominique Verella
10. Célia Romulus
11. Chantal Ismé
12. Kénise Phanord
13. Marie Claude Dorcé, militante féministe
14. Monique Clesca
15. Marie Françoise Boursiquot
16. Monique Manigat
17. Hermana Guerrier Pierre
18. Carine Jules
19. Marie Nelie Jeantillon
20. Jacques Renée Charle